# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस सरकार पेराई सत्र दुइ हजार पचीस–छब्बीस से गन्ना मूल्य में तीस रूपिया प्रति कुंटल के दर से बढ़ोत्तरी क फैसिला लिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

**गन्ना मूल्य वृद्धि के फैसले को लेकर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने एक सोशल मीडिया पोस्ट में कहा है कि इस निर्णय से गन्ना कृषकों को लगभग तीन हजार करोड़ रुपये का अतिरिक्त लाभ प्राप्त होगा। उन्होंने कहा है कि गन्ना कृषकों के श्रम का सम्मान सुशासन का सच्चा स्वरूप है। इसी भाव के साथ आदरणीय प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के यशस्वी मार्गदर्शन में प्रदेश सरकार ने गन्ना मूल्य वृद्धि का निर्णय लिया है। उन्होंने बताया कि अब अगेती गन्ना प्रजाति का मूल्य चार सौ रुपये प्रति कुंतल तथा सामान्य प्रजाति का मूल्य तीन सौ नब्बे रुपये प्रति कुंतल निर्धारित किया गया है। मुख्यमंत्री ने कहा कि गन्ना किसान प्रदेश की समृद्धि के आधार स्तंभ हैं। ऐसे में यह निर्णय लाखों गन्ना किसानों के जीवन में नई उम्मीद, नई ऊर्जा और आत्मनिर्भरता की मिठास घोलेगा। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा आजु प्रदेस के सज्जो जिला निर्वाचन अधिकरियन के साथे वर्चुअल बइठकी कइ के 'स्पेशल इंटेंसिव रिवीजन–एसआईआर' के तइयारियन क समीक्षा कइलें। येह मौका पर मुख्य निर्वाचन अधिकारी सज्जो अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि राजनीतिक दलन के साथे बइठकी कइ के उन्हें एसआईआर के प्रक्रिया आ आयोग के दिसा–निरदेसन से अवगत करावें।

येह बिच्चे प्रदेस में एसआईआर क प्रक्रिया सुरू हो गइल हौ। चुनाव आयोग के ओरि से तय कार्यक्रम के हिसाबि से एसआईआर बदे अट्ठाइस अक्टूबर से तीनि नवम्बर ले तइयारी, ट्रेनिंग अउर प्रपत्र क छपाई प्रस्तावित बा। एकरे बादे चारि नवम्बर से चारि दिसम्बर ले बीएलओ घरे–घरे जा के गणना प्रपत्र बंटिहें आ ओके भरवा के वापिस लीहें। येही क्रम में नौ दिसम्बर के आलेख्य मतदाता सूची प्रकासित कइल जाई। आयोग के हिसाबि से लोगिन से दावा आ आपत्ति नौ दिसम्बर से आठ जनौरी दुइ हजार छब्बीस ले लिहल जाई अउर एकनर निपटारा एकतीस जनौरी ले पूरा होई। आखिरी ओटर लिस्टि सात फरौरी दुइ हजार छब्बीस के प्रकासित होई।

**********

अजोध्या क पौराणिक चउदह कोसी पैकरमा बिहने भिन्नहीं चारि बजि के एक्यावन मिनट से सुरू होई। हमरे अजोध्या प्रतिनिधि बतवलें कि एकरे बदे तइयारियन के अंतिम रूप दीहल जा रहल हौ। येह बिच्चे ओइजा सरधालुअन क पहुंचल सुरू हो गइल बा। सरधालुअन क सुविधा आ सुरक्षा बदे पैकरमा क्षेत्र के पांच जोन अउर बत्तीस सेक्टरन में बांटल गइल हौ। हर जोन में मजिस्ट्रेट आ सेक्टर मजिस्ट्रेट क तैनाती कइल गइल बा।

**********

छठ तिउहार के बादे बनारस में गंगा घाटन के सफाई बदे आजु खास अभियान चलावल गइल। एहमें नगर निगम बनारस आ नमामि गंगे दशाश्वमेध, प्रयाग अउर राजेन्द्र प्रसाद घाटन पर सफाई कइलें। सथहीं लोगिन से गंगा घाटन के स्वच्छ बनावे रखले क निहोरो कइल गइल।

**********

वस्तु अउर सेवा कर– जीएसटी बचत उत्सव क लाभ समाज के सज्जो लोगिन ले पहुंचि रहल बा। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बाइस सितम्बर से नया जीएसटी दर लागू कइल गइले के बचत उत्सव क नांव दिहले रहलें। जीएसटी के कम दरन से पर्यटन क्षेत्र में लोगिन के मिलि रहल फायदा के ले के प्रस्तुत बा एगो रिपोर्ट–

***सात हजार पांच सौ रूपिया हर राति से कम केराया वाले होटल पर जीएसटी बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। एहसे आवास ढेरे सुलभ हो गइल हौ येह कदम से सप्ताहंत यात्रा , तीर्थ यात्रा सर्किट बिरासत पर्यटन आ पर्यावरण पर्यटन के बढ़ावा मिलल हौ, जेहसे रोजिगार सृजन आ बुनियादी ढांचा में सुधार भइल बा। येह बिच्चे दस से बेसी मनइनि के बइठले क क्षमता वाले बसन पर जीएसटी दर अट्ठाइस फीसदी से घटा के अठारह फीसदी कइ दिहल गइल हौ। एहसे सार्वजनिक परिवहन लागत कम भइल बा, येह सुधारन क उद्देस्य घरेलू आ बिदेसी पर्यटन के प्रवाह के बढ़ावा दिहले के साथे–साथ पर्यटन विकास पर जोर दीहल हौ। आकाशवाणी दिल्ली से समर्थ आ शिवांग मिश्रा के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

चक्रवाती तूफान मोन्था आ अउरियो भूभौतिकीय परिस्थितियन के नाते प्रदेस में अगिला तीनि से चारि दिन के दौरान हल्लुक से ले के मध्यम बरखा भइले क सम्भावना बनल बा। मौसम विभाग चेतावनी दिहले हौ कि बिहने आ एकतीस अक्टूबर के प्रदेस के पूरबी इलाकन में कहीं–कहीं भारी बरखा, बिजुली गिरले आ झोंकेदार बेयारियो चलले क अनेसा बा। येह बिच्चे, गोरखपुर के सथहीं कई पूरबी जिलन में आसमान में बदरी छवले हौ आ कुछु जगहिनि से बूंदाबांदी भइले क खबरि बा।

**********